ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№141 (24.111) ● 2020 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэр хэтащ Къэрал советым COVID-19-м земыгъэубгъуным хуэзъэзэ Iуэхущхэр зэкIэлъыызыгъакIуэ и лэжьакIуэ гупым иригъэкIуэкIа зэIущIэм

**Москва къалэм и Iэтащхьэ Собянин Сергей видеоконференц мардэм тету дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Къэрал советым щIэуэ къежьа коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрызыщиубгъу псынщIагъым, адэкIэ къэхъункIэ хъуну щытыкIэм, COVID-19-м щIипэщIэт сымаджэщхэм щIэт гъэузылпIэхэм, абыхэм медицинэ Iуэхущ1апIэм япэу щIэхуахэм щеIэззэкIэ къагъэсэбэн зэрагъэбауэ Iэмэпсымэхэр зэшэлIахэри, апхуэдэуи узыфэр зыпкрыгъэр и кIэм нэсу ягъэхьужьын папщIэ щIэхуахэм щхьэкIэ къызэрагъэпэщащэри яхэту, къыхэгъэхъуэным, къимыдэкIэ, узыр нэхь зыхуэпIэ, нэхь къызэхьэлъэкIыу зыпкърыкIхэу зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ уз гъэтIылъа зиIэхэмрэ и чэзум сымаджэщхэм щIэгъэгъуэлъхьэным хуэунэтIа Iуэхуэхэм.

ЗэIущIэм хэтхэр апхуэдэу хэплъащ COVID-19-р зэуэлIахэу амбулаторнэу зэIэззэхэм хущхъуэхэр пщIэншэу ираты ным, КТ-центрхэр жэщ-махуэ ямыIэу гъэлэжьэным, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» гупхэм зыхуримыкъу автомобилхэр къахуэщхуным, узыфэ зэрыцIалэм пэщIэт медицинэ лэжьакIуэхэм хущIагъу ахъшэхэр и чэзум яхуэзгъэпэщащэхэм яхэту, ныбжьыпIащыным, абы 2020 гъэм хуэзэ ахъшэр нэхъ пасэу яIэрыхьэнри хэту, ехьэлIа къалэнхэм.

Абыхэм къадэкIуэу тепсэлъыхьащ узыфэм пэщIэтыфэ вакцинэр цIыхухэм яхэлъхьэным зыхуэгъэхьэзырыным, мастэхэр щыхалъхьэну пунктхэр къызэрагъэпэщыным, хущхъуэр щыIалIэм щаIыгъын зэрыхуейр къэльытауэ, абы папщIэ зыхуеину псори къызэрагъэпэщауэ ахэр щыналъхэм яхуеГъэшэным хуэунэтIа Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIыным, апхуэдэуи аптекхэхэр хущхъуэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам я нэIа тетыным.

ЦIыху зэхуэсыпIэхэм медицинэ нэкIуIупхъуэхэр щалъыным, шхапIэхэр, нэгузэгъэужьыпIэхэр жащым зэрылажьэ зэманыр гъэмэщIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэри къыхагъэщащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъуным хуэунэтIа зи чэзу Iуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъуным хуэунэтIа зи чэзу Iуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къэдэзэм хэт «2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 29 пщIондэ» псалъэхэм яужькIэ «, 2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м къыщыщIэдзауэ 2020 гъэм дыгъэгъаз3эм и 13 пщIондэ, 2020 гъэм дыгъэгъаз3эм и 14-м къыщыщIэдзауэ 2020 гъэм дыгъэгъаз3эм и 27 пщIондэ» псалъэхэр щыгъуауэ.

2. Мы Указым кару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м
№150-УГ

● КЪБР-м и Парламентым

Илъэсыщ1эм лэжьэн щ1идзэнущ Щ1алэгъуалэ палатэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм

КЪБР-м и Парламентым къыщыхахащ Щ1алэгъуалэ палатэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэтыныхэр.

МЫ ГЪЭМ щыIэ хъуа санитар-эпидемиологие щытыкIэм къыщызэригъэзэм ипкъ иткIэ, а Iуэхур видеоконференц мардэм тету маухуилIкIэ екIуэкIащ. А махуэхэм къриубыдэу цIыху 60-м епсэлъылIащ.

Кандидатхэм епсэлъахэм яхэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

Щ1алэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къыхэхыным хуэунэтIа лэжьыгъэр ираГъэкIуэкIащ КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и комитетым и депутатхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр, КЪБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министерствэм, хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт къэпщытакIуэ комиссэм щыщхэр ящIыгъуу.

Зэпеуэм хэт ныбжьыщIэхэм защыхуигъазэм, хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым къыхигъэщащ КЪБР-м и Парламентым и Щ1алэгъуалэ палатэм тетуха положенэм зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ зэригъуэтар. Къапщтэмэ, Щ1алэгъуалэ палатэм хэтыну хуитхэм я ныбжьыр илъэс 35-м щIимыгъуу щытыну яГъэуащ, апхуэдэуи унафэ къащтащ щ1алэгъуалэ чэнджэщагъу Iэнатlэм хэтынухэм я бжыгъэри цIыху 50-м нэгъэсыным теухуауэ.

- Зэпеуэм хэтхэм дащепсэлъылIэкIэ, дэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэхэр къэтщтэн хуей хъунущ. ИкъукIэ сыщогуфыкI Щ1алэгъуалэ палатэм и мыхьэнэм зэрыкIэрымыхум, абы хыхьэну хуейхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрымыхъум. Сыщогугъ иджырей ебланэ зэхьхьэри адрейхэм хуэдэу щытыну, палатэм цIыху гумызагъэхэр, абы щыIэжьэным хуэхьэзырхэр, щIэныгъэкIэ зыбгъэдалъхэр къыхьэну икIи а щIалэгъуалэ Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэр нэхъри ефIакIуэну, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ зэрыжиIамкIэ, Щ1алэгъуалэ палатэм теухуа положенэм зэрыщыубзыхуам тету, кандидатхэм я тхьилъхэр къатащ рестубликэ, щIыпIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм, къалэ округхэм я щIыпIэ администрацхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхэм, колледжхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я студент зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм.

Зэпсэлъа дэтхэнэми Iэмал иIащ и Iуэху еплъыкIэр, и зэфIэкIыр здынэсыр комиссэм хэтхэм наIуэ ящиIыну, я екъулIэныгъэхэм, жылагъуэ Iуэхуэхэм зэрыхэтым теухуауэ кърата упщIэхэм жэуап иратыжыну. Ныбжьыщ1эхэр тепсэлъыхьащ дзэныхьэхэм, я Iэщ1агъэм теухуауэ я мурадхэм, Щ1алэгъуалэ палатэм щызэфIагъэкIыну зыщ1эхъуэпс я проектхэм, щ1алэгъуалэм ядэлажьэн Iуэхур езыгъэфIэкIуэну къалъытэ жэрдэмхэми я гугъу яIащ.

Зэпсэлъэныгъэхэм ябгъ иткIэ къыхахащ Щ1алэгъуалэ палатэм хагъэхьэ хъуну къалъытэхэм я кандидатхэр. Ар къыщащтэнущ КЪБР-м и Парламентым и депутат псори къырихьэлIэу мы гъэм и дыгъэгъаз3эм ирагъэкIуэкIыну зэхуэсым.

ДЖАТЭ Къантемыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр иIыгъ

ДОМ.РФ аналитикэ центрым и Iэщ1агъэлIхэм зэрагъэпщащ зэрыхудачых ипотекэкIэ унэ къэзыщ1ахуэхэм ятеухуауэ банкхэм къата бжьыгъэхэр, апхуэдэуи яухуэ унэхэм ятеухуауэ наш.дом.рф базэм илъэр икIи нэрылъагъу хъуахэм ябгъ иткIэ къагъэнэIуащ псэуплIэ хэщ1эхуным хуэунэтIа а программэр гъэзэщIэнымкIэ Урысейм щыпашэ щIыналъитхур.

АБЫХЭМ я деж бжьыпIэр щызыIыгър Къэбэрдей-Балъкъэрырщ. Мыбы льготэкIэ къыщащ1ыху фэтэрхэр ику иту метр зэбгъуэзэнатIэ 67-м щIегъу. ЕтIуанэ увыпIэм щытыр Осетие Ищхьэрэ (Алание) Республикэрщ - метр зэбгъуэзнатIэ 64-м нэблагъэ. Абыхэм къакIэлъокIуэ Бранскэ областыр, Къалмыкъымрэ Дагъыстэнымрэ.

«Апхуэдэ щIыхуэ къащтэным щIыхуэхэм я фейдэ хэлъщ: щIыхуэм процент техуэр мащIэщ, нэхъыбэ дыдэу сом мелуанихьм нэс къыIах хъуну ящIащ (къалащхьэхэм - сом мелуан 12-м нэс) - абы фэтэр къэзыщ1ахунухэм Iэмал ярет программэм лэжьэн щIимыдзэ щIыкIэ зыIэрагъэхьэну я мурадам нэхърэ нэхъ фэтэрышхуэ къащ1ахунымкIэ. Абы щIыхьэт тохъуэ бжьыгъэхэри: Урысей Федерацэм и щIыналъэ куэдым программмэм хьихьэу къащ1аху фэтэрхэр нэхъ инщ, унэ зыщ1эхэм къыхуагъэлъагъуэхэм ельытауэ», - жиIэ ДОМ.РФ аналитикэ центрым и унафэщI Гольдберг Махил.

Льготэ ипотекэр зи лъабжьэ программэм Урысейм щыщ дэтхэнэ цIыхуми Iэмал ирет унэщIэ яухуэхэм щыщ фэтэр къэрал дэIэпыкъуныгъэкIэ къищ1ахуну. Нэхъыбэ дыдэу а ипотекэм илъэсым щхьэщ1атыкIынур процент 6,5-рэщ, абыр банкхэм яГъуэ ставкэхэмрэ я щIызэпэмышачэкIэ, унэр къэзыщ1ахуам и пIкIэ ахъшэр хелъхьэж къэралым.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Хъыбар гуапэ

Ди щIыналъэм Iэщ1экIыу къыщ1алэжьым хохъуэ

Кавказ Ищхьэрэм Статистикэмкlэ и къэрал комитетым къызэритамкIэ, 2020 гъэм и мазипщIым кърикIуахэм ябгъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэуэ къыщ1ащ1ащ тонн мин 416,3-рэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфIэкIам ельытауэ процент 4,6-кIэ нэхъыбэщ.

ЛЫ ПАПЩIЭУ яГъашхэ Iэщ1ышхуэмрэ джэдыкIи я Iуэху Iейкъым - тонн мин 84,1-рэ къалэжьащ, джэдыкIэу мелуани 175-рэ кърахащ (илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу яхуэзэфIэкIам ельытауэ а бжьыгъэхэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процент 102,7-рэ, 102,1-рэ мэхъу). Iэщ щхьэ бжьыгъэу яIэр зэрыщытам хуэдэу къэнэжащ: мэлрэ бжэну мин 387-м щIигъу, Iэщ1ышхуэу мин 270,7-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу жэмыр мини 132-м щIегъу.

Джэдхъазу яГъэхъуам и бжьыгъэр процент 11,3-кIэ нэхъыбэщ икIи псори зэхэту мин 4200-рэ хъуащ.

Iэщ гъэхъуным продукцэу къыщ1рахьэлIам щыщ Iыхьэфl хуоэз мэхъумэш (фермер) Iуэхущ1апIэхэм, абыхэм Урысейм и Президент Путин Владимир и УказкIэ къащта, «Хъэрычэт Iэнатlэ мыинымрэ куэрытырэ,хъэрычэтыщ1эхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр ядэIыгъыныр» лъэпкъ проектым хьихьэу къызэрагъэпэщ1ахэри яхэту.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Тхылъыщ1э

Ар зэи тщыгъупщэ хъунукъым

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ «Дэ3лыкъуэ щIыналъэ: 1941 - 1945» зыфIаща тхылъыщIэр. Ар и бжыгъэр зы мин хъууэ, тхылъыпIэфIкIэ тедзауэ дунейм къытехьащ.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 75-рэ щIикъу илъэсым храгъэубыда къыдэкIыгъуэр, фIащами къызэрыджиIэщи, зытеухуар Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Дзэпылъхуэ щIыналъэм щыщу абы хэтахэм къагъэльагъуэ лIыхъужьыгъэрщ, Хэкум хуала лъагъуныгъэм и щапхъэ къызэрымыкIуэхрщ. Ди къэралыр а зауэм щытекIуэн папщIэ зи къару, зи псэ емыблэжа куэдым ятеухуа тхыгъэхэр, сурэт тельыджэхэр щызэхъэхьэсащ тхылъым.

«Дунейпсо тхыдэм ищIэркъым 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм нэхърэ нэхъ гущIэгъуншэу щытарэ цIыху нэхьбэм я псэ щагъэнарэ. ЗэрызэкIуэдэнур ящIэу IухьарэтцIыхухэр зэуэлIэм, къэкIуэну я щIэблэхэр яхъумэу, фэрэ дэрэ ди щхьэхуитныгъэр, ди щIыналъэр биим лъэгущIэтын ирамыгъэщIын папщIэ. Ар зэи тщыгъупщэ хъунукъым», - щыжиIэ Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан тхылъым пэублэ хуищIа псалъэм.

Акъбащ Ипщэм и кIэм щынагъэблэгъащ Щэнхабзэмкlэ унэр зэгъэпэщ1ыжыныр

Тэрч щ1ыналъэм хьихьэ Акъбащ Ипщэ жылэм Щэнхабзэмкlэ и унэр сыткIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщ1ыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэблэгъащ.

2020 ГЪЭМ и мэлыжьыхь лъандэрэ ухуакIуэхэм лэжьыгъэшхуэ кърахьэлIащ - и щхьэр тралъхьэжащ, пэш кIуэцIкIэр дзбгъуэн щымыIэу къращIыкIащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр, лъэгуэгъэр, инженер коммуникацхэр зэрахъэкIащ, унэ щIыбри зэрагъэпэщ1ыжащ.

Мы зэманым унэм и хъуреягъкIэ ираIыхьэ бетоным хьихьэщIыкIа плиткэхэр.

Щэнхабзэмкlэ унэм и актовэ пэшышхуэм щэнтхьеищIэхэр щ1ыгъуэвэну, макъамэмрэ нэху бзийхэмрэ зыгъэджэгу Iэмэпсымэхэр къыхуащ1хуну я мурадщ, езы унэри мафIэсым зэрыщ1ахьымэ, террор шынагъуэншагъэм хуэгъэпса оборудованэхэмкlэ къызэрагъэпэщ1ынущ.

ЦIыхухэм я зыгъэпсэхупIэ, нэгузэгъэужьыпIэ Iуэхущ1апIэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщ1ыжыным текIуадэ мылъкур къыхуаутIыпщащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щэкlуэгъуэм и 26, *махуэку*

♦**Информацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Вакъащ1эм и дунейпсо махуэщ**
♦**Абхъазым и Конституцэм и махуэщ**
♦**1394 гъэм** Сеул Кореем и къалащхьэ хъуащ.
♦**1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къаруэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
♦**1925 гъэм** яГъэнэхуащ Туполевым и «АНТ-4» кхъухьлъатэр.
♦**1943 гъэм** Воркута къалэ хъуащ.
♦**1963 гъэм** япэу яГъэлъэгуащ «НэхулъэфI фыкъукI, цIыкIуэI» нэтыныр.
♦Дуней псом щынэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Гарвард университетыр (США) къыззэзыгъэпэща **Гарвард Джон** къызэралъхурэ илъэс 413-рэ ирокъу.
♦ХьэкIэкхъуэкIэхэр, псом хуэмыдэу къаплъэнхэр, утыкум «щыджэгуным» хуэзыгъасэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Назаровэ Маргаритэ** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Шатиловэ Анна** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ уэрэджыIакIуэ, актрисэ, «Грэмми» саугъэтыр 8 зыхуагъэфэща **Тёрнер Тинэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Сурэтыщ1, КъШР-м щIыхь зиIэ и художник **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Маритэ** къыщ1алъхуа махуэщ.
♦Урысей актёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Аверин Максим** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градуси 4 - 3 щыхьынущ.

Щэкlуэгъуэм и 27, *мэрем*

♦**Мыщэхуэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм и тенджьыз Iуфэ лъэсырыкIуэдэм и махуэщ.** 1705 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ «тенджьызым и Iуфэм къулыкъу щызыщIэну сэлэт полк» къызэгъэпэщ1ыным теухуауэ.
♦**Уасэ зыгъэувым и махуэщ**
♦**1730 гъэм** Урысейм и Сенатым къыдигъэкIащ «ЩIымахуэ лъэхъэнэм Москва и уэрамхэр къызэрагъэнэхуну абдж уэздыгъэхэр щIыным теухуауэ» унафэр.
♦**1918 гъэм** Украинэм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиер къызэрагъэпэщащ.
♦**1922 гъэм** Урысейм къыщ1ыдагъэкIащ ахъшэщIэ - совет тумэнхэр.
♦РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Польских Галинэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Америкэ актёр цIэрыIуэ **Брюс Ли** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Хьэжы Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦ЖылагъуэI лэжьакIуэ, Щ1ОджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **Щ1ОджэнцIыкIу Леонид** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Политик, Украинэм и премьер-министру щыта **Тимошенкэ Юлие** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр, ТЭФИ саугъэтыр зрата **Андреевэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Актёр, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Машков Владимир** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦Урысей футболист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым и гуэащ1хьауэ нэхъыфIхэм ящыщ **Кержаков Александр** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 6, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!
2020 гъэм фокIадэм и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2021гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIыхуэхэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэыхьэх, фIыуэ флъагъу къыдэкIыгъуэхэм Iэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Iэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) щывэттыжыну кьалэн зыщыдощIыж.

КъыдэкIыгъуэхэм Iэ тедзэным теухуа фи упщIэхэм жэуап кратыжынущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, а Iуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхуходжэ.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хьабар фыдогъащIэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кIэнIейкIэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КЪБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и федеральнэ управленэ.

Лъэпкъ Iущ1игъэ:

Зэдэшхэ Iэфiщи, зэдэфI унэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр зыхущыщIэм щыщ Iыхьэр ирагъэкъужын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым федеральнэ бюджетым бюджет щIыхьэ зэрыщыхухахынум теухуа Зэгурыlуэныгъэм щIагъэжа зэгурыlуэныгъэ хэхар къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къещтэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр зыхущыщIэм щыщ Iыхьэр ирагъэкъужын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым федеральнэ бюджетым бюджет зэрыщыхухахынум теухуа Зэгурыlуэныгъэм щIагъэжа зэгурыlуэныгъэ хэхар къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын абы Iэ тридзэн икIи хIыщыIыу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м
№211-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр зыхущыщIэм щыщ Iыхьэр ирагъэкъужын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым федеральнэ бюджетым бюджет щIыхьэ зэрыщыхухахынум теухуа Зэгурыlуэныгъэм щIагъэжа зэгурыlуэныгъэ хэхар къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м

1 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр зыхущыщIэм щыщ Iыхьэр ирагъэкъужын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым федеральнэ бюджетым бюджет щIыхьэ зэрыщыхухахынум теухуа Зэгурыlуэныгъэ №201-01-06/06-304-м, 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м кIащтам, 2020 гъэм фокIадэм и 3-м кIащта зэгурыlуэныгъэ хэха №5-р щIыгъуажын.

2 статья

Мы Законым къару егъэт ар официальнэу къыщыгтрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м
№40-РЗ

Псэм и Iэфыр зи лэжьыгъэм езыхьэлIа

● Фэеплъ

Мы тхыгъэр зытеухуа Алмэ Алий Тlалиб и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ щыналъэм хыхь Къармэхьблэ къуажэм щыщ мэкъумэщыщIэ унагъуэм 1935 гъэм гъатхэпэм и 7-м къыщалъхуащ.

КЪАЩХЬЭЩЫТ я адэр дунейм ехыжа иужькIэ, Алмэхэ я унагъуэр республикэм и кьалащхьэм кьоIэнхьуэ. 1950 гъэм курыт еджапIэр къэзыуха Алий и гуащIэдзкI лэжьыгъэм щыщIедзэ «Къэббалъкъпромстрой» трестым хыхьэ ухуакIэ гупу щIалэгъуалэм я гъэсакIуэ щыпкъэ, ухуэныгъэхэм я лъабжьэр зэтельхьэныжкIэ Iэщlагъэлl тельыджэ Волков Григорий зи пашэм.

Зыхыхьа гупым Iэпыдзлъэпыдз лэжьыгъэхэр игъэзащIэу мазитI хуэдизкIэ ихэта Алий чырбышрэ мывэрэ зэтелъхьэныжкIэ Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлl пашэм и унафэ щIагъэувэ икIи, зэман кIэщым кьырибыдэу, а Iэнатlэм и щIэхуэм щыгъуазэ зыхуеIщ, ары а щыхьэтуи 4-нэ разрядыр кьыхуагъэфащэ.

Куэд дэмыкIыуи, Алмэ Алий Къэбэрдей-Балъкъэр совнархозым ухуэныгъэм епха материалхэмкIэ и управленэм и етхуанэ бригадэм и унафэщIу игъэув. ИужькIэ Алмэр и пашэ мэхъу Iэзэ зыхуэхьуа Iэщlагъэм хуэлажьэ комсомол-щIалэгъуалэ гупым.

1955 - 1957 гъэхэм Совет Армэм къупыкъу щрехьэкI. Кьыщыхъуа и щыналъэм кьигъэзэжа иужькIэ, ар ипэкIэ щыдлэжьа Iэхэущlапlэм мэувыж. А зэманыр Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленностым, псэуныгъэм, щэнхабзэм пыщIа ухуэныгъэ нэхъ инхэм дэнэ лъэныкъэкIи зыкъыщыгагъэIэт лъэхъэнэт.

Зи унафэщIу игъэува бригадэм Алий, япэщIыкIэ, кьыхешэ зыпэрыт лэжьыгъэм ехьэлIауэ Iэщlагъэ зыбгъэдэмыльIыдалэ 18. Кьыхэгъэщыпхъэщ абыхэм ящыщ дэтхэнэзэм, зэман кIэщым кьырибыдэу, ухуэныгъэм пыщIа Iэщlагъэ зэмылIэужьыгъэхэр зэрызрагъэгъэтар: хэти каменщик, мыдрейхэри пхъащIэ е монтажник мэхъу.

Алмэ Алий кьыдэлажьэхэм я зэхуэсым унафэ кьыщащтэ, гуащI гъэгъуи и лэжьакIуэхэу Москва кьалэ щыIэхэм кьыхалъхьа жэрдэмыщIэр, «Коммунистхэм зэрахабзэу лэжьэн» жыхуиIэмрэ «Коммунист лэжьыгъэм и бригадэ» цIэ лъагъэр зыфIелъэщыным хуэунэтIамрэ ехьэлIауэ къэралым кьыщрахьэжьа зэхьэзэхуэр ядэIыгъэн зэрыхуейм теухуауэ.

Абдежым кьыщыщIэдзауэ Алмэм и гупым щIэзэхаублэ щхьэж и пщэ дилъхьэжа кьалэнхэр, фIагъ лъагэ яIэу, зэрагъэзэщIэным ехьэлIа зэпеуэ гуащIэхэр. Зи пашэхэм я деж Алий кьыщыщзэрегъэпэщ, мастеры е прорабыр кьабгъэдэмыштми, зи яужь ихьа ухуэныгъэм и зэфIэгъэувэкIэр зыхуэдэнэр кьэзыгъэлъагъуэ чертёжхэм ярытыр кьраджыкIыфу зыщыхурагъасэ дерсхэр. Пщыдджыжь кьэс ирагъэкIуэкI зэхьхьэ кIэщIхэм щытепсэлъхьху щIадзэ махуэм кьапэщылъхэр фIагъ лъагэ иIэу гъэзэщIа зэрыхъунум ехьэлIауэ щыIэ хэкIыпIэхэр зыхуэдэм. Пщыхьэщхьэм зэхуэсыжыри, яхуэзфIэкIа-хэм я гугъу ящIырт, кьрикIуахэр блынхэм еIулIа пхъэбгъуэм кьыщагъэлъэгъуэжырт. Я лэжьыгъэм кьыдэкIуэу, ухуэныгъэм ехьэлIа адрей Iэщlагъэхэми, зэман кьащIыхудэхуэхэм деж, зыхуагъасэрт.

1959 гъэм и кIэхэм хуэзэу, бригадэм хэтхэм щхьэж илэжьын хуейр проценти 160-м нигъэсащ, 1960 гъэм накьыгъэм и 1-м ирихьэлIэу ар проценти 188-м нигъэблагъащ. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым 1960 гъэм гъатхэпэм иригъэкIуэкIа зэхьхьэм Алмэ Алий зи пашэ гупым я лэжьэкIэр гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэу, щIыналъэм щыIэ адрей ухуакIуэ Iэнатlэ псоми щапхъэу яхуэгъэлъэгъуапхъэу кьыщалъытащ.

КьыкIэлъыкIуэ илъэсхэми Алмэм и бригадэм хэтхэм, щхьэкъэIэт ямыIэу, Налшык къалэ щекIуэкI ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьащIыпхъса лэжьыгъэхэр щагъэзэщIащ, псэупIэ унэхэм зыкъыщрагъэIэтащ, школхэр, сымаджэщхэр, сабий садхэр, щхэнхабзэмкIэ унэхэр щыIэсфIагъэуващ.

1974 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1977 гъэм нэсу пенсэм тIысыжыхьу, Алмэ Алий «Каббалкпромстрой» трестым хыхьэ ухуакIуэ управленэ №5-м и диспетчеру щытащ.

Алмэ Алий Тlалиб и кьуэм, производствэм кьыщигъэлъэгъуэ ехьулIэныгъэ кьызэрымыкIуэхэм, «Коммунист лэжьэкIэм и ударник» цIэ лъапIэр кьэхьыным хуэгъэзауэ зэзэгугъэпэща зэпеуэзэм папщIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым1960 гъэм накьыгъэм и 28-м кьыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Социалист Лэжьыгъэм и Iыхьэжь цIэ лъапIэр кьыфIащащ, абы кьыхэкIыуи Лениным и цIэр зезыхьэ орденымрэ «Гъубжэрэ Уадэрэ» зи фIощыгъэ дыщэ медалымрэ кьратащ. И гуащIэдэкIым кьыпэкIуэу, абы кьыхуэгъэфща тыгъэ лъапIэхэм ящыщщ 1963 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м кьрата медалри.

Алмэ Алий 1999 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м дунейм ехьажащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм никотинхэкIхэмкIэ, апхуэдэуи тутыным хэмылъ никотинхэмкIэ электроннэу хуиту сату щыщIыным, ахэр зэбгрыгъэкIынымрэ къэгъэсэбэпынымрэ мардэ яхуэгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыIэжу къэлъытэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым екъэлIауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къещтэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм никотинхэкIхэмкIэ, апхуэдэуи тутыным хэмылъ никотинхэмкIэ электроннэу хуиту сату щыщIыным, ахэр зэбгрыгъэкIынымрэ къэгъэсэбэпынымрэ мардэ яхуэгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыIэжу къэлъытэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын абы Iэ тридзэн икIи хIыщыIыу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м
№217-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм никотинхэкIхэмкIэ, апхуэдэуи тутыным хэмылъ никотинхэмкIэ электроннэу хуиту сату щыщIыным, ахэр зэбгрыгъэкIынымрэ къэгъэсэбэпынымрэ мардэ яхуэгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыIэжу къэлъытэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м

2021 гъэм щIышылъэм и 28-м кьыщыщIэдзауэ кьару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм никотинхэкIхэмкIэ, апхуэдэуи тутыным хэмылъ никотинхэмкIэ электроннэу хуиту сату щыщIыным, ахэр зэбгрыгъэкIынымрэ къэгъэсэбэпынымрэ мардэ яхуэгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыIэжу къэлъытэным и официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м
№41-РЗ

● Электрокъару

ХеящIэхэм я фIыгъэ

«Кавказ Ищхьэрэм и Урысейстехэр» компаниеми и «Къббалъкъэнерго» АО къудамэм эрыгъэзахуэ электрокъарур къэзыгъэсэбэпахэм кърамытыжьыфу зытрагъэхуа, сом мелуан 783-м нэблагъэ щIыхьэр къыIырагъэхьжьын папщIэ, дызэрыт илъэсым и щIышылэ - жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу, хеящIэ Iуэхущlапlэхэм тхыгъэу 1029-рэ хуагъэхьащ.

АБЫХЭМ ящыщу 909-р, сом мелуан 573-рэ зытехуэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм хьхьэ Iуэхущlапlэхэм зэтрагъэхьа я щIыхьэр зэрырагъэпшыныжьын тхыгъэщ.

Кьагъэсэбэпа электрокъарур зыхуэмытыжьахэм ящыщщ республикэм и промышленнэ щымыт Iуэхущlапlэ зыбжанэри. Апхуэдэхэм ятеухуауэ хеящIэхэм тхьэусыхафэу 63-рэ кьаIэрыхьащ. Абыхэм я щIыхуэр сом мелуан 22-м щIегъу.

2020 гъэм и мазипщI блэкIам кьриубыдэу, «Къббалъкъэнерго» АО-м иригъэкIуэкIа «тхьэусыхафэ лэжьыгъэм» кьыпэкIуэу, а Iуэхущlапlэм зыIэригъэхьэжьыфащ зытрагъэхуа я щIыхьэр зэрырагъэпэщащэр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ кьэгъэкIыным.

АНЗОР Къесын.

● Мэз хозяйствэ

ЖыгыщIэхэм я жылэхэр

«Къэбэрдей-Балъкъэр мэз питомник» кьэрал бюджет Iуэхущlапlэм мы зэманым щолажь мэзым псынщIэу зыкъезыгъэужьыж жыгыщIэхэм я жылэхэр гъэхьэзырыным.

«ЛЭСКЭН мэзхъумэ» кьэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэхэм дызэрыт лъэхъэнэм зэхуахьэс ди республикэм ит мэзхэм дежкIэ нэхъ зэгъыу кьалъытэ жыг лIэужьыгъуэхэм ящыщ бжейм и жылэхэр.

Абы кьыхэкIыуи, Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэм щылажьхэзэм я мурадщ мэзым щыхасэну жыгыщIэхэм я жылэу, псори зэхэту, зы тонным нэблагъэ зэман дызыхуэкIуэм кьриубыдэу зэхуахьэсыну. Абыхэм ящыщу килограмм 500-р бжей лIэужьыгъуэм ейщ.

Ягъэхьэзыра жылэхэр, щIым хагъэкIа иужькIэ, фIагъ и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэр Ставрополь крайм щIыIэ, Мэзыр хъумэныжкIэ центрым кьедза гъэунэхуIпэм щыIэзхагъэкIынущ. Кьэпщытэныгъэхэм кьарикIуам ипкъ иткIэ, жылэхэм фIагъ зэрагIэр кьэзыгъэлъагъуэ сертификатхэр дыщIагъунущ.

Кьыкlэлъыкlуэ лъэхъэнэм питомникым и лэжьыгъэр хуигъэпсынущ, «Экологие» лъэпкъ проектым щыщ «Мэзхэр хъумэн» и Iыхьэр гъэзащIа хъун папщIэ, дыщыпсэу щIыпIэхэм нэхъ езэгъыну жыгыщIэ жылэхэу сертификат зыхуагъэсащэхэр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ кьэгъэкIыным.

АНЗОР Къесын.

ЩIыхуэ зытелъхэр

● Ар емыкIуэкъэ?

2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу «Къэббалъкъэнерго» АО-м и щIыхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущlапlэхэм ятелъыр сом меларди 2,2-м нэблэгъащ.

АХЪШЭМ и процент 66-р кьызытехуар жылагъуэр псыкIэ кьызэзыгъэпэщ организацэхэрщ, ар сом мелард 1,5-рэ мэхъу. БлэкIа мазипщIм абыхэм кьагъэсэбэпа электрокъарум и уасэу сом мелуан 333-рэ зэтрагъэхьащ.

ЩIыхуэ зымытыж Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэу иджыри къэнэж Налшык къалэ дэт «Водоканал» МУП-р. 2020 гъэм и блэкIа мазипщI-м абы щIыхуэу сом мелуан 512,3-рэ кьытехуащ, абы щыщу сом мелуан 206-р мы гъэм кьыхэхъуащ.

«Бахъсэн водоканал» МУП-ми телъ щIыхуэр сом мелуан 31-кIэ нэхъыбэ хъуащ мы илъэсым. 2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу сом мелуан 62-рэ телъу кьыщIэкIащ.

«Къэббалъкъэнерго» АО-м и щIыхуэу сом мелуан 44-рэ телъщ Къэсейхьэблэ дэт «Коммунсервис» ООО-м, абы щыщу сом мелуан 16,2-р мы илъэсым и блэкIа мазипщIм зэтригъэхьащ.

«Водсервис Иславей» МУП-м и щIыхуэр мы гъэм сом мелуани 6,5-кIэ хэхъуащ, псори зэхэту сом мелуан 40 телъщ.

Аруан, Лэскэн щIыналъэхэм ит Iэхэущlапlэхэмри я щIыхуэм зэуэ хэхъуэн щIидзащ.

Мазипщым кьриубыдэу «Къэхъун» ПКП МУП-мрэ «Аква» ООО-мрэ кьагъэсэбэпа электрокъарум и уасэу сом мелуани 3,2-рэ кьратехуащ. Иджы апэм - сом мелуанибгъу, етIуанэм сом мелуани 10,6-рэ щIыхуэу ятелъщ.

Сом мелуан 12-м нэблэгъащ Дохъушыкъуей кьуажэм дэт «Коммунальник» Iуэхущlапlэм телъа щIыхуэрэ, мы гъэр зэрыщIидзэрэ абы сом мелуни 4,5-рэ кьытехуащ.

ДЫЩЭКI Бабыхь.

● Тхылъыщlэ

Лъэпкъ литературэм и псалъэщIэ

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ тхылъыщIэ кьыщыдэкIащ. Ар куэдым гунэс ящыхъуа, Щауэцыкlу Людмилэ и къаIэмылъэм кьыпыкIа «Черкесская рапсодия» романыщIэрщ. Тхылъым щыгъуазэ зыхуэзыщIа критик цIэрыIуэхэм кьызэралъытэмкIэ, ар лъэпкъ литературэм и псалъэщIэ.

ЩАУЭЦIыкIУ Людмилэ и романыр нэхъыбэу зытриухуар ди щIыналъэм и бзылъхугъэхэм я гъащIэр, я дуней еплъыкIэр, ябгъэдэлъ гупсысэхэмрэ Iуэхущlафэхэмрэ, мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ кьэгъэлъэгъуа хъунырщ. Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и кьэралинститутым и профессорым, КъБР-м и гъэдэжьнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэм, щIэныгъэ лэжьакIуэ емыгэ-зэшым, публицист Iэзэм, бзылъхугъэ щыпкъэм и романым кьыщиIэта Iэхуэгъуэхэр куэд мэхъу: ахэр епхащ кьулыкъущIэкъуэхэм яIэ еплъыкIэхэми ехъулIэныгъэм щIат «уасэми», дахагъэми лъагъуныгъэми, кьулеигъэми кьулейсызыгъэми, щхьэ закъуэ гупсысэхэми цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэми. Тхылъым хуищIа пэублэ псалъэм Людмилэ щыжеIэ ар дапщэщи бзылъхугъэм и гъащIэм, гупсысэм, гупсысэхэм ягъэпIейтейуэ зэрыщытыр, псом хуэмыдэу, иджырей лъэхъэнэм псэу бгырыс бзылъхугъэм. ТхакIуэ набдзэгубдаплъэм романым лъабжьэ хуищIа Iуэхугъуэхэм, кьэхъукъащIэхэм хохьэ езым и нэгу щIэкIаxэр, и унагъуэм исхэм я гъащIэм щыщу нэхъ гукъинэ щыхьуахэр. «Кавапщтэмэ, «Дадэ» Iыхьэм зи гугъу щысщI нэхъыжьыфхэм яхэлъщ си адэщхуэмрэ анэщхуэмрэ ядэсПъэгъуа кьэлI-щэн дахэ куэд. А цIыху щыпкъэхэм я псэукIэм и Iыабжьэу щыта ди адыгэ хабзэр лъэпкъым диIэ фIыгъуэхэм зэращыщыр хьэкъыу си фIэщ мэхъу, - жеIэ ЩауэцIыкIум. - Апхуэдэ дыдэу Залым зыфIэсща лIыхъужьми куэд хэлъщ пасэу сфIэкIуэда си адэм гъащIэм хуиIа еплъыкIэхэм щыщу. А псомкIи кьэзгъэлъэгъуэну сыхущIэкъуащ ди цIыхухэм яIэ гупсысэкIэхэр, кьыззэрымыкIуэ щытыкIэхэм кьыхуагъуэтыф зэкIыпIэхэр зыхуэдэр, гъащIэм, псэуныгъэм епха гурыгъу-гурыщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдыр».

«Черкесская рапсодия» романым щыгъуазэ зыхуэзыщIа дэтхэнэри абы гупсысэ куэдым зэрыхуишэнум щэч лъэпкъ къытетхъэркъым. Iуэхур зытещIыхьар тхыгъэм кьыщыгъэльэгъуа кьэхъукъащIэхэр ди щIыналъэм пыщIауэ, абы щыпсэу цIыхухэм епхауэ, псэкIэ тпэгъунэгъу дыдэу куэдым кьэтлъытэ щытыкIэхэр зэрыщытыр аракъым - романым нэгъуэщIынэкIэ дрегъэлъпIэ иджырей дунейм абы кьыщыхъу Iуэхугъуэхэм.

Авторым хулъэкIащ и тхыгъэм хэт лIыхъужьхэр, псом хуэмыдэу, бзылъхугъэхэр, псэкIи пкъыкIи ихьуэмэн, я щхьэмрэ я гумрэ мамыру гъащIэм хигъэувэжын. Людмилэ и романым и гупсысэ нэхъыщхьэр бзылъхугъэм и насыпым ирипхащ. Араща абы щыжиIэр: «Псалъэ хэIэтыкIауэ кьыфщремыхьу: сыхуейщ ди бзылъхугъэхэр ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, я псэр мамыру псэуну. Сыхуейщ дэ: къэралми, жылагъуэми, унагъуэми - псоми зыкъыбу тпхыкIыну мы зыр: фIыгъуэшхуэ зэрыльэр бзылъхугъэр щынасыпфIэ унагъуэращ, жылагъуэращ, зи Iуэху дэкIынри апхуэдэкъэр щыкуэд къэралыращ».

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

«Iуащхьэмахуэ» журналым и къыкIэлыкIуэ къыдэкIыгъуэр - 2020 гъэм и етхуанэ номеры - дунейм къытехьащ.

«Iуащхьэмахуэ»-м фыкъыщеджэ

ЖУРНАЛым и жьантIэр хуэфащэ дыдэу лъысащ зи гуащIэм утепсэлъыхькIэ пхуэмыух, пщIэуэ хуэпущIымрэ зэрыбгъэлъапIэмрэ къилэжьым ефэгъэзкI зэпыт тхакIуэ, усакIуэ, драматург, сурэтыщI IутIыж Борис.

УзыфIэзыгъэлIыкI, узыщызыгъэукIытэ, и дуней тетыкIэмкIэ нэмысщхьэуэ къызылъжьыфIыIущым и гъащIэ гъэзгуанэм кIэщIу уризыгъапIыхь «Лъэужьыфлэ» тхыгъэмкIэ къызэIуех журналым. Абы кьыкIэлъокIуэ Борис и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа тхыгъэ куп-щIафIэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ ЩакIуэ Марьянэ и «Лъэпкъ драматургием и классик», БакIуу Хъанджэрий и «Зи Iэужьыр мыкIуэдыжьын», Теубэж Сультан и «Адыгэ Мольер», Гъут Iэдэм и «Псэ дахэм и нур», Къэвжокъуэ Людмилэ и «IутIыж Борис и усыгъэ дунейр» жыхуиIэхэр. IутIыжым и ныбжьыгъэуу, и лэжьэгъуу, и цIыхугъэу щытахэм абы хуэжаIахэм щыщ пычыгъуэхэм напэкIуэцI щхьэхуэхэр хуэхахащ. Абыхэм Iупщ1у кьахощ Борис и Iэхущlафэр, и талантыр, и гуп хэтыкIэр, и зэпIэзэрытыгъэр, нэгъуэщI хьэл дахэ хуэдэр.

Борис и тхыгъэхэр гъуэзэджэщ, и адыгэбзэр щэрыуэщ, сыт хуэдэ жанрым хэмылъжьыхьыами, сыт хуэдэ тхыгъэ кьимыгъэщIами, дэтхэнэри нэгъэсауэ, псалъэ лей хуэмыныкъуэу кьэхъуIэрт. Абы и щыхъэтщ журналым ихуа усэ купщIафIэхэр, «Мазэгъуэ жащ» новеллэр, «Тыргъэтауэ» трагедиер.

Илъэс куэдкIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта, зи тхыгъэхэр лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэс хъуа, зэманым жы дыдэхъу, адыгэбзэм и мэ гуакIуэр кьыпщIезыгъэхьэ куэд зи кьалэмыпэм кьыщIэкIа Борис и сурэт зыбжанэ журналым итщ, кьыдэкIыгъуэм и щIыбагъми тетщ.

«Литературэ щIэныгъэ. Критикэ» рубрикэм щIэтщ филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэжжокъуэ Людмилэ «Эману дахэ, сумыгъэпIащIэ...» зыфIищащ, а сатырхэр зи псалъэ усакIуэ Вындыжь Марие и гуащIэм теухуа тхыгъэр. Марие хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэри щIигъуащ абы. Вындыжь Марие усыгъэм и лъахэм дызэрыхишэ усэхэри зыщIыгъэкIакIуэм гунэс зэрыщыхъунум щэч хэлъкъым.

Адэкlэ даIуощIэ Тыркум и Узун-Яйла щIыпIэм кьыщыхъуа, лъэпкъым, бзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэху щхьэпэ куэд зэфIэзэыгъэкI, егъэджакIуэ, этимологиемрэ фонетикэмрэ дихьэх Брам (Куэблэ) Алатин. Абы и интервьюр зи Iэдакъэщlэкlыр Нэщlэпыджэ Замирэщ. КъыкIэлъокIуэ «Iуэрыlуатэ» Iыхьэр. Абы хъыбар кIэщI зыбжанэ («Лlым и кIуапIэ и кIуэдыжьыпIэщ», «Нартхэ я лIэужь», «Натхъуэджымрэ Гъуаемрэ», «Нартым и пщIыхьэпIэ», «Нарт шумрэ щакIуэмрэ», «Бжьахъуэм и къуэ») кьыдэкIыгъуэ.

Журналым зэхуещIыж IутIыж Борис теухуа псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и Iэнатlэ зэхэлъ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и Унафэщ **Фочышlэ Наталье Хьэсэн и пхъум** хуогъаеэ абы **и щхьэгъусэ Фочышlэ Аэзмэт Iэбисан и къуэр** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр **Щауэ Анатолэ Iэхьед и къуэм** хуогъаеэ абы и адэ, Бахъсэн щIыналъэм Щоджэнщlыкlым и цIэр зэрихьэу щыIэ мэкъумэш Iуэхущlапlэм илъэс куэдкIэ хьэлэлу щылэжьа, механизатор Iэзэ **Щауэ Iэхьед Данил и къуэр** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

«Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я лэжьакIуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Чэрим Мариннэ Iуэес и пхъум** хуогъаеэ абы и адэ шыпхъу **Дадэ (Чэрим) Мэчхан Iэсхьэд и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд

Насып зэхэгъэкIыпIэ

Повестым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэлъыкIуэр.
ПэщIэдзэр №№137-138-хэм итц.).

* * *

СЭДЭКЪЭ зэрыхуащIыжрэ зэман дэкIаи, хуейкъым икIи лъэкIыркъым дыгъуасэ псэуа зи щIалэгъуэ дахэр щымыIэжу и фIэщ ищIыну. Игу къоклыж сэдэкъэ махуэр. Абы ар нэхъыбэу зэригъэувари тхьэлъэIу хуищIут. ЦIыхухэми къагурыIуэрт абырэ и щхьэгъусэмрэ псэкIэ зэрэвари, зыри жамыIэу хуэщIапхъэр зэфIагъэкIри, зэбгрыкIыжахэт.

Гуауэр псом нэхърэ нэхъ зытехьлъар Данагъуэт. Фызым и нэр, илъагъужышхуэ щымыIэу, нэпсым ирифат, икIи и нэкIу зэлъар мо шыугъэм исыным нэсат.

Улэмэ, уи кхъаблэм щIэувэфын щIэблэ уимыIэнэр псом хуэмыдэу жагъуэщ. КъыпщIэмыхъуамэ, зыгуэрурэ пшэчынщ, ауэ уиIар пфIэкIуэдыныр егъэлеяуэ гуауэщ. Пхъур сыт, ар хамэ унагъуэщ. ЛъэкIынурэши, уигъэвинщ, унэм тIэкIу щыIэбэнщи, зэрыхьам къахэнэжынщ.

Уэлий егупсыс зэпытщ: «Ярэби, мы щIалэм къимыIэзэжмэ, си лъапсэр хэкIуэджауэ ара? Шынэхъыжьым къызиIуэкI зэпытт: зы къуэр уимылэ пэлъытэщ, зэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ. Ауэ седэIуакъым и чэзум, бетэмал».

И нэпсыр къыщыдзэпижьыхьи къуэщ, ЦIыхухэм къалагъуэ и гур къызэфIэззэрыхьми, емыкIуи къащIыркъым, езыми зэрызыдзэтриуIэфIэжьным пылъщ. Куэд щIакъым и щIалэр къэкIуэжауэ пщIантIэм дэт хуэдэу пщIыхьэпIэу зэриIагъурэ. ГъэщIэгъэныракъэ, илъэс пщыкIутyр щIигъакъуам хьыхуищэхуауэ щыта джанэ жужьыр щыгъ хуэдэт. Ар абы хэуцIыкIу зэрыхъурэ куэд щIами, иджы хуэину щыгът. Псом хуэмыдэу нэр зытельдэр орденыбГъэмрэ медалхэмрэт. Уэгум ит ваГуэм пэлыдми ярейуэ, зэщIэлыдэрт. «СыкъэкIуэжащ, ди адэ» - ар зэрызэхихыу, къыхэщIыкIауэ къыззэфIэтIысхат Уэлий, ауэ, илъэгъуар зэрыпщIыхьэпIэр и гум ешыкъылIауэ, зигъэукIуриижат.

Зы лъэныкъуэкIи абы гугъэ гуэрхэри къыхилъхьэжат. «Пэжу, къэкIуэжу гъэгу тету пIэрэ?» зэупщIыжыр псэкIэ, нэхъ пэгунэгу хъуэпсапIэхэр къыфIеблыжу. И гум щIэх-щIэхьурэ къэкIыж зэпытщ и пхъумрэ и малъхъэмрэ къыжраIауэ щытахэри.

- Папэ, мамэ, гугъу фызэрехьыр, хьэзабу фшэчыр фIы дыдэу дэри зыхыдощIэ... - Пхъум и псалъэр малъхъэм зэпиудри, езым пищаш.

- ФэркIи дэркIи нэхъ тынш хъунут, дыдэй фынэIэпхъуамэ.

- ЦIэхуу зауIрэ щыта нэужь, абыхэм Данагъуэ захуигъэзащ.

- ЩIалэм къигъэзэжмэ, дауэ хъун, унэри лъапсэри хыфIэддзэу фыдей дынэIэпхъуэу? Ди жьыщхьэ ар дауэ ди напэм едгъэзэгъын?

- Темыр къигъэзэжыну Алыхьым къыхуиуха мыгъуэу къыщIэкIынкъым, ар зэрыжьIсIэм щхьэкIэ фи гум сеуэну сыхуейуэ аракъым. Мис, Линэ сэрэ догупсыси тфIэзахэт, унэ лъапсэр фщIэжри фынэкIуамэ. Фэ фызыхуей псори ди дей щывгъуэтынт. Уэри, ди адэ, махуэ я щхьэ кIалэм унакIуэ укъэкIуэжу хьэзабщ. Хьэуэ жьифIэрэ, мы лъапсэр фымыщэнуми, зыри къыфпэрыуэркъым, дэ фызэрытынышнщ, ди нэIэ нэхъ зэрыфтедгъэтынщ зетхуэри, фэ фыарэзымэ фызэттэзлIэжьынут.

- ЖьифIэну псори фуха? - щIэупщIащ хэкъуэзауэ Уэлий.

НтIэ, жьыуэ! и щхьэр ящIащ тIуми.

- ЗызыщIэфхъуи фыдэкIыжьт мы пщIантIэм.

- Папэ, уэ зыгуэру къыбгурыIуами...

- Сэ жысIэнур жысIакIэщ, щыщыгъэтыт абдежьым, - зэпиудащ и пхъум и псалъэр.

Абы иужькIэ ныбжьыщIэхэм гуэрыдзэ ящIри, мазэкIэ тIури къакIэлъихьакъым. Ауэ итIанэ хэмурэ псори я пIэж иувэжащ. Зи гугъу ящIа псалъэмакъми афIэкIа къытрагъэззэжакъым.

Уэлий къыпхуидзнт гугъэу иIэ закъуэр къыIэщIэпхыу. Уи бын дыдэри къоплъыжьныкъым. Лъапсэр дыгъэжьы жызыIэу уи пащхьэм кIиувэжам сыт уэзрыщIыгугъыж хъунур? Пщэдей уэрамыщхьэм укъытранэнри зыхуэIуа щIэжьым. Ауэ ар псэууэ апхуэдэ къигъэхункъым.

Иужьрей зэманым Данагъуэ и узынщагъэм тегузэвыхь зэпытщ. И гум къыхиусэзыхрей хъуащи, жэщкIэ бэуапIэ имыгъуэту щыбым щыдэс куэдрэ къохьу. Зымахуэ къытехуэри, ерагъыу зыкърагъэщIэжауэ аращ. Псом хуэмыдэу Уэлий абы щыгъуэ нэхъ къэзыгъэгумэщIар я щIалэм и цIэр жиIэу, Iуэщхъуу фызыр заулрэ щытыкIэ гугъу зэриратащ.

Зыри пхуещIэнукъым жьыгъэм. IуищIрэ пэт щэуныий, зэпоплъэлри хокIуэдэж. ЦIыхур къэнэн? МыпIэжьыныпсэ яIуту къащIифIэщI къэхъуми, зэман докIри, щым тобэзэкIыж. Ауэ къытранэф лIэужь, языныкъуэхэм - Iэужь.

Уэлий-щэ? Ящыщ ар а зи гугъу тщIахэм? Езыри абы щегупсыс къохьу, и гъащIэ гъэугуанэм иripлъэжу - Iейри фIыри зэпилъытыжу. Апхуэдэ ныбжьым цIыхур щынэсам и деж адэкIэ псэуну зэрыгугъэжышхуи щымыIэжу аращ. Ауэ абы гъащIэри иужьгъуакъым, и гур иджыри щIалэщ. Зы закъуэщ и ныбжьыр къэзыгъэлъагъуэр, и Iэпкълъэпкъыр жьы зэрыхъуарщ. Мис иджыпстуи ар щызэхещIэ пщIэ къыхуэзышIу къыщхьэщыт мы щIалэгъуалэм я деж. ЗакъыримыгащIэу йохъуапсэ: «Бетэмал, сэ фи пIэм сыкъыиувэжащэрэт!» Игу къыфIокIыж езым и щIалэр. ПщIэрэ, уи щIалэгъуэмэ, уи къару илъыгъуэмэ, сыт хуэдэ бэлъхьми упольэщ.

- Дадэ, сыт апхуэдизу ухэзыгъапIъэр? - щIэупщIащ Заур гуапэу. Абы дадэкIэ еджэн къыщиублар псэкIэ зэрыщIэу я гурыгъу-гурыщIэхэр зэхуаIуэта нэужьт.

- Укъзыгъэплъэн мащIэ мы дэ ди гащIэм, ПIытIыкъ.

- Уигу зыгурэкIэ ныкъуэ? - зыхуигъэзащ къызэрыщIыхьэжрэ куэд мыщIа Хьэруни.

- Фымыгузавэ, сэ гукъэкIыжхэм саIыгъщи аращ. ЩIалэгъуэр Iэфщ. ДелагъэкIэ пщIэншэу ар фымыгъакIуэ, иужькIэ фыхуущIегъуэжу фи дуней Iыхьэр ефхьэкIыжи. - ЗаулкIэ щэхуу щытри къыпищащ. - ГъащIэр фэ фызэригугъэм хуэдэу тыншкъым, зэманым уеззгъэшу упсэуным гугъуэхь куэд пыщIащ. Ауэ а псомри фалэлъащIунущ, лIыгъэ фхэлъу, сыт хуэдэ хьэзаб къыкъуэмыкIами, абы зыдэмыгъэшу быдэу гъэгу захуэм фытетмэ. ИужькIи абы фыщIыгуфыкIыжынщ. Лъэпкъыр, цIыхубэр, фи адэ-анэхэр зэрыгушхуэн цIыху къыфхэкIын хуейщ фы.

Псомри гу льатащ Заур нэщхьейуэ и щхьэр зэрырихьэхам, ауэ зыми зыри жиIэкъым. ПIыжьми щIалэм игу щIигъуауэ, жиIами машIэу хущIегъуэжауэ, и Iэр ящи и дамащхьэм триплъхьащ, псалъэншэу игу фIы хуищIу. Абы къилъытэртэкъым а щIалэм и гъащIэр фагъуэ зыщIа напэнщэхэм я щхьэнкIэ и щхьэр игъэщхъын хуейуэ е зигъэпудыжьпхъэу. Ар сыткIэ къуанщэт? Езым къимылэжьа хьэзабыр дэы хуэхъуауэ дунейм зеиншэу тетыну хуэфащэт?!

Ауэ блэкIар блэкIат, сыт хуэдэ щымытами, Уэлий къилъытэрт а щIалэр къэзылъхуахэм я лъэужьым техьалпхъэу, ар хуейт абыхэм я нэгум илъэну.

ЩIалэми и гум къэкIыжьрт абы къыжриаIауэ щыта псалъэхэр.

- Уэ уэеинщэхъым, сэ фIэкIа хэмылъамэ, здэнукъым апхуэдэу къыпхужалIэу. Уэ уэзрызбжьр си пхъурылъхум хуэдэущ.

Заур хуиту къыдэплъеят, абы и нэгум къищым къикIыр и закъуэ дыдэу зэрыщымыстыт, сыт щIигъэ щIигъэкъуэн къыхуэхъуну хьэзыр щIыхуэхэр зэрыщIыхэрт.

* * *

ПЩЭДДЖЫжЬ нэмэзщ. Резуанрэ Хьэрунрэ иджыри къэушакъым. Заур жейм емызэгъыу щIыбым къыщIэкIа-уэ дэтщ. Абы иIэщ зэгупсысын, нобз къыпэщылъ Iэхъум хуабжьу иропIейтей.

Акъужь щIыэтыIэр зыщимыгъэнщу зыжьэдешэ. Абы гуапэу зэпеплъыхь иджыри жэп зыIтехэну хуэмысыз удзыпщIэ уэсэпс псыIэм хэпхъаеуэ хэлъ тхъэмпэ гъуэжь дыщафхэр. Зыми и гум къыпоплъадэ асфальтым къытекIыну абы щыэкIуэну, пщIащэ пылъэпхъужьмэ ящIыну щхъыщхъ маскъым щIэдэIну. ЗарыщIыкIу лъандэрэ ар хьэлу хэлът. КъызыхэкIри езым къыбжиIэфынутэкъым, ауэ мы дуней цIэращIэм нэхъ пэгъунэгъу хуэуэ къыфIэщIу арагъэнт. Жыгым къыппыу пщIащэ закъуэтIакъуэхэр къыщытетхэжкIэ, щIым еухэсыну хуниимыгъэсу кIыибудыдэрти тхъэмпэм телъ тхъпхъэщIыпхъэхэр зэпиплъхьырт, езым и нэмкIэ сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр къыхищIыкIыу.

Зи хуабагъэмкIэ щIылъэм хуэупсэну хунэмыса, къыщIэкIагъащIэ дыгъэми хуэмурэ зыкъызэкъуихырт, дунейр нэщхъыфIэ зэрыхъунур зыхыиуагащIэу. Тхьэмахуэ махуэм, сыт щыгъуи зэрыхабзэу, ихъуреягъэр щымт, уеблэмэ, дапщэщи жьырытздж пхъэнкIакIыкIэрэ нобэ хэжеят.

Сыхьэтым еплъащ, блы хъэныр иджыри дакъыкъэ щэщI иIэщ. ЗэкIэ ар зыщIыпIи пIащIэркъым, ауэ, иджыри пасэми, зэманыр кIуэху и гур нэхъ псынщIэу къыззэреуэр зыхихщIэжырт. МахуэщIэ къэунэхуам, дуней дахащэр мы щIыпхъэм и теплъэ нэщхъыфIагъэмкIэ къызэрыхуэупсам гукъыдэж къритырт абы нобэ. Хуэмурэ цIыхухэри нэхъ зэхэзэекIуэ хъуащ. Хэти пIащIэу, Iэхъу къаззэрипщылъыр къуагъащIэу зэкIэ, язныкъуэхэри заплъыхьу, зыщIыпIи къызэрыкIэрымыхум гу гъыптэу я гъуэгу хагъэщI. Гъэмахуэ щыгъын пIащIэхэр зыщащхьжауэ щыджанэ хуабэ, щIыIутелъ пIащIэхэр ящыгъыщ.

Ауэ щIымахуэри къэсакъымы, зыззщIакудзркъым, бжьыхьэ дыщафэм зыдащI мыхъумэ.

Махуэм зэрызыуэзщIам и щыхьэту, дыгъэри уэгум нэхъ тегушхуауэ къиуващ.

ЩIалэми, зыхищIэу къэмэжэIами, унэмкIэ игъэззэкыну и гум къыхуимыдэу, Нэгумэм и уэрамымкIэ иунэтIащ. Гъэзгубгъу лъэс лъагъэм здрикIуэм, нэм къыфIэнэ псори зэпеплъыхь. Сыту дахэ мы ди къалэр - зыхуегъэщIэгъуэж. Иужьрей зэманым мыбы тыкуэн, кафе, телефон щапIэкэр куэду къыдэхутащ. Ауэрэ къэсащ «Нежданник» жыхуаIэ джэгупIэми. Сыту дахэ, занщIу нэм къыщIэуэу, умылъагъуу ублэкIынкIэ зы Iэмал закъуэ иIэкъым. Ауэ сытуи цIыху куэд текIуадэрэ дыгъ.

Заур зэхихауэ щытауэ и гум къэкIыжащ къыдеджэ хъыджэбз гуэрым и анэ дэлъху мыпхуэдэм дихьэхыу, щIыхуэшхуэ къытехуэу, я лъапсэр зэращэжар, ари хуримыкъуу, щIалэм хэкIипIэ щимыгъэуэтыжым, зэрызыфIипIэжар.

И щхьэм къыщIихьари имыщIэу йогупсыс: «Сэ зысхуэукIыжыну пIэрэ? Дауэ уи Iэкlэ уи псэр зэрыхэпхъыжынур?» ЕщIэ абы гуэныкъ зэрыпылъри. Нэхъ хьэзабжьыращи, укъэзылъхуахэм ятепIлъхьэну гуауэ мыухъжыр-щэ? Зыгуэрурэ ящIыжыну.

Ауэ хэт Заур гъащIэр ибгынэкIэ, ар зыгъеину, гущIэгъу къыхуэзыщIыну иIэр? Зыри. ФэрыщIыгъэм къыхэкIыу хамэжкм нэпс тIэкIу щIигъэкIынщи, ящыгъупщэжынщ. Сыпым къыхэкIми, лIыгъэншагъэщ уи псэр бгъэныжыныр. АбыкIэ зыбухеижьыфыну щытами зыгуэрт. ЕщIэж университетым и адаГэбзэ къудамэм щхьэ хъыджэбз гуэр ебгъэлIэм къыщIадзыжати, и адэ-анэ, благъэ-Iыхьлыхэм зэрахэIуэнур къызыфIигъэщIри, и Iэ зыхихьыжауэ зэрыщIытар. Абы и зэранкIэ егъэджакIуэхэри милицэм Iуэху къэщIри къыральэфэкIауи щытащ. Абы щыгъуэ лекцэм къыщIыхьа егъэджакIуэр и нэгум ноби щIэтщ. ИгъащIэм ильъэгуэтэкъым цIыхухьу апхуэдэу гъыуэ. А лIым зыхуэубыдыжьыртэкъым.

Абы и гу щабагъэм, къабзагъэм къагъэгумэщIауэ, хъыджэбзэкъми я бэлътокуэр псыф ящIу зэхэст.

Мыпхуэдэ джэгупIэкэр дзыгуэм хуэдэу ди лъахэм щагъэбагъэмэ, абы бопльхьу цIыхум къыхуахьынур пхуэмыIуэнщ. Заур зэгуоп - дэнэкIэ умыгъэзами, тыкуэнрэ киоскрэщ, джэгупIэ залрэ казинорэщ. ЦIыхум яшхьи ямыгъуэтыжу къэнащ, итIани хъэжьвакъэжьыьыхь напэншэхэм ар ильъагъу хуэмéиуэ я лъыр щIафыкI. УнафэщIышхуэхэри къэпIъэнэфщ, а псом гу лъатэркъым. ЩIамыльагъури апхуэдэхэм зи фейдэ хэлъхэр абы-хэми яхэтщи аращ. ЩIалэр бззэрым щынэблагъэм, шхапIэ еуэкIыпIэхэм ящыщ зым Iухъэри, ахъшэ иIыгъыр зэрригъэзэхуапэурэ тIэкIу едэзекъащ.

Сыхьэтым йоплъ. Тимур вокзалым къытехьэным иджыри дакъикъэ пщыкIутху иIэжти, мыпIащIэурэ, абыкIэ еунэтI. Заур игъащIэми илъагъу хъуркъым зыгуэрым пэплъэну. Псом хуэмыдэу нобэ хуабжьу и гур мэпабгъэ.

Заулрэ щыгъуэ, Тимур къыбгъэдыхьащ, сэламым иужькIэ замыгъэгувэжу маршруткэм итIысхьахэщ.

- Сыт жьIтIэу дызэрыбгъэдыхьэнур? - щIэупщIащ Заур.

- ПщIэрэ, сэри абы сегупсысащ. Сэ сызэрыригъэджар къэзгъэсэбэпу тлъагъун хуэдэу дыIухьауэ тщIынщ.

- СыкъинцIыхумэ-щэ? - пIейтейуэ щIэупщIащ.

- Умыгузавэ, уэ абы урикъуэу хэт къэзыщIынур?

- Сэ сщIэрэ, и бынхэмрэ сэрэ дызэщIэкъ къыщIэкIмэ, къэхъуну псор зыми ищIэркъым.

- Уэи, ар сэ си щхьэм къэмыкIа, ауэ, пэжу, зэщхьу зыгуэрхэри фхэлъ хуэдэщ. Зы лъэныкъуэкIи, щызэдгъапщэ къэхъуркъэ зэгъуэсу цIыхуитI тлъэгуамэ, благъэзакIэ зэмыкIуалIэми, зы анэ къилъхуауэ къытфIэ-щIу?

- Сэ дауэ абыхэ я деж сыкIэн? Унэр мыхъуу, нэгъуэщI щIыпIэ зыщыхуэдмыгъэзэфыну пIэрэ?

- УгъэщIэгъуэнщ уэ, нобэ тхьэмахуэщ, унэр мыхъумэ, дэнэ нэгъуэщI къыщыбгъуэтын уи гугъэр?

Зы лъэныкъуэкIи, хущIегъуэжат мы Iэхъум яужь зэрихьам, къыхифIэзыдзам сыткIэ хуей иджы?! Зегъэкъуэншэж: «Емынэм сызэрихуэрэ, ар сымылъагъункIэ Iэмал имыIэу». Хьэуэ, щхуэ, мыбы нэс къыщыкIуакIэ, къэгъаззэ лъэпкъ иIэжкъым. Псом хуэмыдэуи зэрыщIыкIу лъандэрэ и нэ къыхуикIыу щытащ и адэ-анэр зэ нэхъ мыхъуми илъагъуным.

Иджы а хъуэпсапIэр абы къехьулIэу хуежьащ. Хьэуэ текIыжьхъэкъым мурад ищIам.

- Дыкъэсащ, - жиIэри ятIэгуэпс зытекIа умэ лъахъшэжь цIыкIу гуэрым пэгунэгъу къыщыззэтеувыIащ щIанэ дэлъху мыпхуэдэм дихьэхыу, щIыхуэшхуэ къытехуэу, я лъапсэр зэращэжар, ари хуримыкъуу, щIалэм хэкIипIэ щимыгъэуэтыжым, зэрызыфIипIэжар.

И щхьэм къыщIихьари имыщIэу йогупсыс: «Сэ зысхуэукIыжыну пIэрэ? Дауэ уи Iэкlэ уи псэр зэрыхэпхъыжынур?» ЕщIэ абы гуэныкъ зэрыпылъри. Нэхъ хьэзабжьыращи, укъэзылъхуахэм ятепIлъхьэну гуауэ мыухъжыр-щэ? Зыгуэрурэ ящIыжыну.

- Уи адэм и цIэр-щэ?

- Хьыныр.

Иджы шэч лъэпкъ къытрихьэжыркъым. ГукъэкIыжымрэ абы къыдэкIуэ гуэзвэгъэмэрэ зэфа тIэкIури пкърахужауэ, пкъроплъыхьри щысщ къыбгъэдзэ щIалэм.

«Мыр нахуапIэ хьэмэ пщIыхьапIэ? Дауи си фIэщ сщIыну мыбы силъ щIэту? Сыт сэщхьэри хэлъ? И нитIыр сысейщ, и щхьэцри, и нэкIри. И пэр и анэм дежкIэ, ижьырабгъумкIэ нэкIубгъум хэс анэпри зи кIуэцI къикIаи тетэ-ти ещхьыркъабзэщ. Ар сэ Iупщ дыдэу сощIэж. Сыт и узынщагъэ и анэми, дэкIуэжауэ пIэрэ? Си фIэщ хъуркъым, дэкIуэжамэ, мы щIалэм си унэцIэр зэрихьэу абы хуэхъумэнт?»

КъыIухьжащ Тимур. Зи нэгум дэрэжэгъуэр къиувэжа лIитIыр щIалэм щыгуфIыкI хуэдэу щыхуеплъыкIкIэ, абы Iэщ Iэт аркъэмкIэ я нэгум яфIэкIуэрт.

- КъивгъахьуэрТ стэчанывм къыщхьэпырыкуу, сэ нобэ си гуфIэгъэуэщ, - захуигъэзащ абыхэм Хьэпсыр.

- Уи ахъэм бажэ къиувыдда? - щIэупщIащ нэхъыжьыфэ зытет фадафэр.

Хьэпсыр упщIэм жэуап иримытыжу, къыIэщIагъэува бжьэр игъэщIейри, ткIуэпс къриненкIэ шынэ нэхъей, ирифащ.

ЩIалэри абы еплъу зэрыщытщ. Зэман йогупсыс: «ЩIхьэ къззгъанэу сыIумыкIыжрэ, сыт мы си нэгум щIэкIыр, мы си къыззэлъэпэуам и пащхьэ куэдрэ ситыну?» И гум псэхуГэуэ имыгъэуту къриухэкIырти, къигъуэтыжащ и адэр, апхуэдэу жыпIэ хъунумэ. Ауэ ар и адэу къыхуэлъытэну пIэрэ? СыткIэ зэщхьэщыкIрэ абырэ хьэмэрэ? Хьэ дыдэми хыфIидзэфырыкъым и быныр.

- Уадыгъ щIалэ уэ, адыгэбзэ пщIэрэ? - къеупщIащ, и гупсысэхэр зэпиуду нэхъ зызыгъэзнэхъыжьыр.

- НтIэ.

- Зыри зэхэпхырыкъыми-тIэ? ЖыпIэр пэжмэ, мы бжьэр кащтэт?

- Сэ сефэркъым, жысIати.

- Хьызыр, мыр уэ уи ученикмэ, сыт щIемыфэр, зыхуэбгъэсар сыт мыхэр?

- Къыслхуэзгъэгъу, ауэ емыфэр мыгъэсауэ ара? - къахилъхьащ и псалъэ Тимури.

- Уэ, щIалэ, зэкIэ уи жьэр гъэувыIэт, - пэрыуащ а лIыр.

- ЩIыхуэмейкIэ, хьымыгъэзыхь, уэ сынопсэлъэнут, - зыхуигъэзащ Хьызыр Заур.

Гупым къахэкIащ зэадзэзкъуэр. КъитхъутхъуакIыу ежэх псым и макъыр хуиту зэхьбох. Къызэрырагъэжьэнур къахуэмыщIэу тIури щымщ.

- КъыслхуэзгъэгъУ, плъэкIынумэ, къыслхуэзгъэгъУ, - гущIэгъу зыхэлъ макъкIэ лъэIуащ адэр. Ауэ Заур зэрыщхуущ.

ЩIэждэмыжь дэплъэу тIэкIутэ щыта нэужь, лIыр щIэупщIащ:

- Аня дауэ щыт?

- Хэт Аняр? - къыгурыIуэркъым щIалэм, апхуэдэ абы щIыхуэр? - КъызэгурыIуэркъым.

Адэр къуэм и нэгум иплъащ.

- Уи анэм сыт и узынщагъэ?

- Хэт си анэр, си адэр? Мис ар сщIэну сыхуейт!

- Сэращ уи адэр?

- Уи жьэм къебгъэкIуу дауэ пхужьIэрэ апхуэдэу? - нэпсхэр къызыщIэува нитIыр хуэмыгъэпщкIуу щIэупщIащ Заур.

- Хизир Талибович! - Тимур ину къэджащ. А лъэныкъуэмкIэ щыплъэм, зызэрапщытауэ зэзауэ чэфыжьпкъитIыр зыкIэралъэфыжьну абыкIэ яунэтIыжащ.

* * *

ФОЧЫПЭМ илъэта шэм хуэдэщ зэманыр. КъыдамэщIкI зэпытурэ маухэхэр блолъэт, гъэхэр макIуэ. Еханэ курсыр къиухыныи мазэ бжыгъэщ Заур къыхуэнэжар. Куэд щIакъым и Iупэр зэтеижу, зэми къэнэщхъеижу здраджа кафедрэм ар къызэрыщIэкIыжрэ. Мы дакъикъэхэм зебжьж езым хуэдэ щымыIэу насыпыфIэ дыдэу, хуопIащIэ нобэ Динэ щыхуэзэну пIалъэр къэсыным, хуейщ и гуфIэгъуэмкIэ псом япэ абы дэгуэшэну.

Щытщ къэкIуаеу пщащэр зыщIэс еджанIэм и бжьIупэм, ар къыщыщIэкIыжьнур къыхуэгъэскъым, медан къэс сыхьэтым йоплъ.

Гъатэжу мазэщ, дунейм и щIэрэщIэгъуэщи, жыгхэми узрамигъэплъу зэщIэгъэгъащ. ЯзныкъуэхэмИ хужьыгъ дахэкэр пыпIэльыжащ, гулъхэм тхьэмпэ щхьэуантIэу зыкъызэрызэгъкуахым гу лъыботэ. Жьыг лъабжьэм щIэщэща къапщIийхэмрэ къыхэжагъащIэ удзыпщIэ цIыкIухэмрэ гукъыдэжьр къаIэтым и мызакъуэу, зыуэ къабзэм и мэ Iэфlри зыщумыгъэнщу щIэх-щIэхьыурэ Iум щызу жьэдыбошэ.

Пасэу къэкIуа гъатхэм дэнэщхъыфIэу бжэндэхъу, пщIащхъэ, къуалэбзу цIыкIухэм я узрэдхэр щыпIэ-щыпIэкIэрэ къыщIраш. Дунейм зыдащIу, цIыхухэми щыгъын Iувэкэри зыщащжащ. Дыгъэм и бзийхэм хуэззша язныкъуэ студентхэри уэрамыр ягъэжьыфIэу, ежьапIэ бжэIупэхэм къыIухутэжащ. Мес пщэщIэт пIIэ хужьрэ кIэ къуэлэн дахэрэ зыщIыгъ, зи Iэблэм фэ сумкIэ фIыцIэ идза Динэ къыщIэкIыжащ.

Заур ар къызэрипIагъуэ, бгъэдэхэри, гуапэу сэлам ирихащ. УниверситетыбгъэмкIэ гъуэгур зэпхащIу, абдеж иIэ жыг хадэ цIыкIумкIэ яунэтIри, тетIыхьэпIэм щетIысэжащ.

- Динэ, пщIэрэ, кафедрэм и унафэщIым нобэ сриджэжу къызжиIар?

- КъызжепIэмэ, къэсщIэнщ.

- Ди факультетым цIыхуитI адэкIи ирагъэджэну Iэмал иIэщ, си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну сыхуеIуэ щытмэ, Мэзкоу аспирантурэм сыщIагъэтIысхьэнущ.

- НтIэ, сыт уи гугъэр?

- СщIэркъым, сыхуейт ауэ...

- «Ауэ» щхьэ къыхэкIыпхъэ, ущыхуейкIэ?

- ДыIэжьыу деджэфи, си фIэщ хъуркъым къыззэхъулIэну, абы нэмыщIауэ, Къэбэрдеймрэ абырэ агъэгъэджыр зыкъым, ар нэхъ...

- ЩIэнкIэ къыатыныжьи зыкъым, - зэпиудащ пщащэм щIалэм и псалъэр.

- СызыгъакIуэхэр зыгуэркIэ згъэуэкIытэжмэ-щэ?

- ЛIо, гугъуехьым укъэпикIуэту ара? Зыщумыгъэгъупщэ, щыIэкъым ухуейр-уэ пхуэзфэмыкIын.

- Мэзкуу нэхъ къалэ лъапIэ щымыIэу жаIэ, сыдэсыфыну сэ абы щIэгъэкъуэнышIэу, хэт абы къыщыздэIэпыкъунур?!

- Алыхьырщ, уэ ар къыбдэIэпыкъуну мурад ищIауэ къыщIэкIынущ, гугъу уехьми, иужькIэ ущыгуфIыкIыжынщ. ГугъуехьыншIэу уи мурад зэи къохъулIэнукъым, зыIэщIумыгъэкI а къыпхукъуэкIа насыпыр, иужькIэ ухущIегъуэжынщ.

- Уэи сымыщIэ. Уэ гушхуэнысэ къысхыболъхьэ, къызжепIаэхми пэж хызолъагъуэ.

- ПщIэрэ, сызэрелъэр бжесIэнщи, уэ укъэзылъагъу мыхъуу, зи нэм бжэгъуу ущIэзухэм я нэр иребгъэщIыжын хуейщ. КъэбгъэлъэгъуапхъэщI уэ абыхэм нэхърэ узэрынэхъ лъагэр. Сэ сынолъэIу, кIуэ хьухэнумэ, еджакIуэ.

- Динэ, уэ узмыльагъуу дауэ схуэшэчын сэ абы сыщыIэхъ?

- Дэ зыми зэпэIощIэ дыхуэщIынкъым, - ар хэкъуэзауэ жиIэри, хуэмущIагъэ нэщхъейуэ и щхьэр ирихьэжащ.

- НтIэ, сыт къэхъуар, си псэ, щхьэ укъэгуха, усымадж? - И Iэмкlэ щащIэм и жьэпкъыпэр иубыдри, къыдирихьеижащ. Иджы гу льитащ абы и нэ дахитI псыIагъэ къэзыщIам зы гуэвэгъуэ гуэр къыззэрыIуатэм.

- Заур, сэ уэ зыгуэр пщызобзыщI, - жеIэ, зыззтриубыджыру.

- КъызжеIэт, си нэху, жыIэ, сэ сынодаIуэ.

- Зыгуэр си ужьым къитщ.

- Сыт жыIпIа?

- Ди адэ-анэр арэзыуэ, зыгуэрым сратыну хэтщ.

- Уэ дауэ ухущыт а Iуэхум?

- Зэ-тIэу абы зыкъысхуигъэзауэ аращ, апхуэдэ мурад зэи къызыщыщIэм, зыщызгъэпщкIуу къэзублащ. СыщыкIуэжкIэ, машинэм ису, си ужьым иту нысхIэлъыкIуатэу сегъэбаиПIэ.

- ГъэщIагъуэн къызжеIпаи.

- Заур, сэ абы сыщошынэ, ищIэну псор хэт зыщIэр?

- Ар хэт езыр, сыгъэлъагъут?

- Ди адэм и ныбжьэгъу гуэрым и къуэщ, дыдейхэр псорри зэкъуэтщ, мамэ мэ къызиуэкI зэпытщ, сыщымыуэмэ, абы сыдэтынышну жеIэ. Зыгуэр зэрыжьсIэу, уи дэлъхум къыбжьиIэр уи унафэщ, жи. Ари а щIалэм и гъэныкъуэщ, и гъуэгу къыздишэуэрэ, къыщыкIуэж кудэрэ къохьу.

- Си псэ, дэ езыр дыхуэмейуэ зэпэIощIэ зыми дыхуэщIынукъым. Динэ, уэ пщIэркъэ фIыуэ узэрыслъагъур? Сэ зыгуэрым уэ ухуэтын? Апхуэдэ къэхъумэ, сыпсэужьифыжкъым. Уэ зы закъуэращ сэ мы гъащIэм щызиIэхэхэр, си нэгу къыскуэщIагъэхэркъым уэ усфIэкIуэдынт!

- Заур, - пщащэр къэгумэщIауэ щIалэм и цIэр жиIащ.

- Сыт, си нэху?

- Заур, дыдэгъэкIуей Долинск паркым, къыщыдгъэкIухь абы, ди гу бампIэхэр нэхъ щытIысынщ.

- Хъунщ, ауэ апхуэдэу щыщыткIэ, бззэрымкIи сытехьэн хуейщи, ПащIэм и уэрамым нэс дыгъакIуэ.

- Сыарэзыщ.

Дунейр щIэращIэщ, цIыху закъуэтIакъуэ фIэкIа щызэмыкIуэ паркыр щымщ. Ауэ мы жыг щIагъым щIэт щымыгъэм, жьауэпIэм пкъым псэкупIэ дагъуэт. Заур хуэджэбзым и Iэпэр иIыгъуу Налшыкипс тралъхьа лъэмыжьщIэмкIэ тохьэ.

Повестым адэкIэ къыкIэлъыкIуэну и Iыхьэр ди газетым и электроннэ къыдэкIыгъуэм итынущ.



Сурэтыр **Сэвкiуий Хьэмид** *ищIащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Iуэху еплъыкIэ

ЦIыхухэм я хэхъуэр зэрымащIэм экономикэм зригъэужьыркъым

Экономикэм е финансхэм ухуеджауэ щымытми, гурыIуэгъуэ зи цIыхухэр къулейсыз къэралым сыт къыщыщIамыгъэкIми,ахэр яхуимыгъэкIыу зэрызэтрихьэр, икIэм-икIэжьым заводыр е фабрикэр къэувыIэн хуэдизрэ зэрыхъур.

КУЭД щIАУЭ зытепсэльыхь Iуэхуу пенсэмрэ улахуэмрэ хэгъэхъуэн зэрыхуейр. ПIалъэ гуэрым тету хагъахъуэ, ауэ ар цIыхум зыхащIэркъым, сомыр пуд зэрыхъум здэхь.

СыткIэ къыщIэдзапхъэ? РАН-м и экономистхэм жаIэращи, къэралым зебгъэужьыным мы зэманым зы Iэмалщ къыхуэбгъуэтыфынур - улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ хэгъэхъуэн хуейщ.

2014 гъэм къыщыщIэдзауэ сомыр пуд мэхъу, къыщIэкIыж щыIэкъым. Унагъуэ къэс куэдым хуэныкъуэщ, псалъэм папщIэ, щыIалъэ, хьэку, зэрыжьыщIэ машинэ, унэлъащIэ, н.къ. жыпIэми. А къезбжэкIахэр тыкуэнхэмрэ складхэмрэ щIэтщ мыхъейуэ. ЦIыхухэр щыззблэкIыр аптекэхэращ, хущхъуэр Iэмалыншэщи. Тыкуэнхэр музейм хуэдизу къэнащ, ящым и уасэм кIэрагъэхуу хьыбар зэбграгъэхми, нэхъ пуд хъыари къаухъуэщхурхьым.

Зы щапхъэ къэсхьынт цIыху ахъшэнэшэхэм жыжьэ уэзрынамыгъэсыным и телъхьэу.

Дунейр зыщыгъуазэ «Форд» машинэ лIэужьыгъуэр къыдэгъэкIыныр зыубла Форд Генри и заводым щылажьэхэм улахуэфI яритырт, езыхэм ящI машинэм хуэдэ яригъэщхурт икIи ибзыщыртэкъым «щIэIумахуэр». Улахуэфl зритхэр егупуу зэрылэжьэнур, и мылъкур зэрыхуагъэбзэгъуэнур жиIэрт абы.

РАН-м и экономистхэм къаха бжьгъэхэри щыхьт тохъуэ я бохъышэм дэлъ хабзэм тIэкIу къыузэрыхэхъуэу (псалъэм папщIэ, 2017 гъэм пенсэм щыщIагъуам, 2020 гъэм сабий ахъшэ зэ тыгъуэ унагъуэхэм зэрыратам), зы мазищ хуэдэкIэ цIыхухэр нэхъ игъащэхуащ. Иджы псори и пIэм ижьыхьжащ аргуэру.

ЩIэныгъэIл-экономистхэм хэкIыпIитI къагъэлъагъуэ.

Япэр УФ-м и Правительствэм и мурадращ бюджет яхуримыкъур ягъэнщIыным теухуауэ. Абы къикIращи, ВВП-р зэфIагъэувжьыным тращIыхьынущ. Ауэ уэзрыщIугъуам хуэдэу Iуэхуэр фIы дыдэу кIуатэми, абы илъэситI-щ ихьынщ, цIыхухэм я хэхъуэм илъэсиплI-тхукIэ зихъэжьынукъым.

ЕтIуанэр газрэ щIыдагъэу ящэм къыпэкIуэр ямыгъэтIылъу, нобэрей Iуэхуэм трагъэкIуэдэныгъ. Экономистхэм зэрыжаIэмкIэ, къэралым доллар мелард 300 хуэдиз гъэтIылъауэ иIэмэ, ар ирикъунущ щIыхуэу телъым хигъэщIынуми Iэмалыншэу нэгъуэщI къэралхэм къыщищэхунум тригъэкIуэдэнуми. Урысей Федерацием гъэтIылъыгъэу иIэр хуэдитIкIэ нэхъыбэщ (доллар мелард 587,6-рэ).

- Мы щытыкIэ хьэлъэм дыкъикIа зэрыхъунур, къэкIуэну илъэситI-щым экономикэм зэрызрагъэжьыкьыфынур цIыхухэм яIэну хъхьэм елъытащ, - жаIэ РАН-м и ИНП-м и унафэщIым и къуэдзэ Широв Александр.

ПщIэншэ уадэ Iэтыгъуейщ, жиIащ пасэрейм. ЛэжьакIуэм и пщIэр ебудых хъунукъым улахуэ мыхьэнэншэкIэ. Ар зэи щIагъэуэ иухкъым: е зыри хуэмеижь жылагъуэ щхьэлажьэ, е къулейсым къулейсым щымысхь революцэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тIум хуэди ди нэгу щIэкIащ.

Дыщыгугъынщ къэрал къулыкъущIэхэмрэ щIэныгъэлэжьмрэ я гупсысэ зэхэдзэр цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр ефIэкIуэным хуэщхьэпэну.

● Щапхъэ

Бжьэи фои яIэн папщIэ

Мы мазэм Iуэху дахэ щокIуэкI Ингушскэ Республикэм – абы щыхасэ кIарц хужь. А жыг лIэужьыгъуэм хуэдэу бжьахъуэхэм я зэгухьэныгъэрщ. Я мурадыр къэхъулIэным хуэщхьэпащ «Экология» федеральнэ лъэпкъ проектыр.

- ДЭ ДИ мэзхэм щымащIэщ бжьэхэм фо къызыпахыфын жыг. Аращ кIарцым дыкъыщIытеувыIар. Абы къыпах фор къабзафощ, щабэщ, гурыхьщ, - жеIэ Ингушым щыщ бжьахъуэ цIэрыIуэ Евлоев Хьэмэтхъан.

Республикэм нэгъуэщI жыг лIэужьыгъуэхэри щыхасэ. А лэжьыгъэр нэхъыбэу мэзхэращ щекIуэкIыр. Мэзхъумэхэмрэ щIыуэпсыр фIыуэ зыпIагъуэхэмрэ зэдэIэпыкъуу жыгыщIэпащ «Экология» федеральнэ лъэпкъ проектыр.

ГъэщIэгъуэнщ мы республикэ цIыкIум бжьахъуэхэр зэрыщыкуэдыр, апхуэдэ хозяйствэу 200-м нэс зэраIэр.

Бжьахъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я мурадщ къалэхэм, къуажэхэм, мэзхэм жыгыщIэхэмкIэ егупуну.

КIарцыр ди хадэ гъунэхэм щыхасэу щыта жыг щIэращIэу си сабиигъуэм къыхэнащ, и къэзгъэзгъуэм ныса щIэм хуэдэу хужьу хуэпауэ, бжьэр вууэ пысу. Сызэгупсысаращ: Японием дунейм яригъэгъэщIагъуэ сакурэм нэхърэ сыткIэ нэхъ фаджэ кIарцыр. Iэщ зэрымытыж губгъуэхэм, мэз лъапэхэм кIарц куэду щыхэзысэн къыкъуэкIамэ, абы дунейм и дахагъэр ягъэзбэгъуэнт, цIыхум къэтлажьэ бжьэм сэбэп зэрыхуэхъунум и гугъу умыщIыххи.

● Адыгэ Академие

Фэеплъ сурэтыр щызытрагъэхащ ЩIДАА-м и зэхуэсышхуэу 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м Налшык къалэ щекIуэкIам. *ИжьыжьмкIэ къыщыщIэдзауэ:* **академикхэу Уэхъутэ Александр, Щоджэн Аслъэнбэч, Бэчыжь Лейлэ, Хьэфыцiэ Мухьэмэд, Щоджэн Iэсхьэд, Хъаний Мирон, ЦIыпIынэ Аслъэн сымэ.**

«Шэрджэсым» увыпIиплIкIэ зеIэт

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2020 гъэм и чемпионатыр иухыным джагуГуитху-хы къэнэжауэ аращ. Абы къыхэкIыу дэтхэнэ зыми и мызэнэм хэпщIыкIыу хохъуэ.

ТхЬэМАХУЭ зэхуаку блэкIам къриубыдэу турнир таблицэм нэхъ лъагэ дыдэу зыщызыIэтар Шэджэм и «Шэрджэсраща». Иужь увыпIэм къикIри, ар епщыкIутIанэм нэс дэкIуеящ. АбыкIэ сэбэп хъуащ ягъэIэпхъуауэ щыта зэIущIэхэм ящыщ зым Къэрэчъэш къикIа «Инал-лыр» бэрэжьейм бжьыгъэшхуэкIэ щыхигъащIэу, къыкIэлъыкIуэ щэбэтым «Ислъэмейм» ардыдэр зэрыришIар. А зэIущIитIым шэджэмдзэсэм очкиж щыIэзрагъэхьа къудейкъым, атIэ я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топибгъу щыдагъэкIащ. Зэхьэзэхуэм и кIэухэм и деж къэхъу хабзэ фIэщщыгъуейхэм щIадза хуэдэщ.

А лъэхъэнэ дыдэм къэрэгъэшдэсхэр тIэунейрэ къыхагъэщIащ. Шэджэм иужькIэ здэкIуа Прохладнэ къалэм мыхьыр щрагъэхьащ, жэуапынщэу топибгъу къыщыхудагъэкIри. Иджы «Инал-р» псоми къакIэрыхуащ. Абы къыщхьэщыт «Къундетеймы» блэкIа тхъэмахуэ зэхуакур хуэгуГурлакъым, иригъэкIуэкIа джэгуГуитIри Тэрчрэ Псынэдахэрэ щыкIахьащи.

ЕтIуанэ увыпIэм дэкIуэтеижащ джылахьстэнейдэсхэр. «Къундетейм» къищынэмыщIауэ, ахэр текIуэфащ дыжьын медалхэм папщIэ къеныкъуэкъуэхэм ящыщ «Налшыкми». «Спартак-Д»-р мащIэу икIуэтын хуей хъуащ Бахъсэн къыззрыщыхагъэщIам къыхэкIыу.

Прохладнэ и «Ремонтник»-м и пашэ Иуан Аэрэт Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щIыIгъ бжьыпэр нэхъри щигъэбыдащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ абы я хьэрхуэрэгъуэхэм топ 26-рэ яхудигъэкIащ.

Иджы фыщыщIыгъуэгъэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щекIуэкIа зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Малка**» (Малкэ) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **2:4**, «**Энергетик**» (Прохладнэ) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) – **9:0**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) – «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **4:1**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) – «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:0**, «**Урыху**» (Урыху) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **4:1**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **6:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **2:4**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Налшык**» (Налшык) - **1:0**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ зэдэджэгунущ: *щэкIуэгъуэм* и 28-м - «Налшык» - «Ислъэмей», «Шэджэм-2» - «Бахъсэн»; *щэкIуэгъуэм* и 29-м - «Спартак-Д» - «Энергетик», «Шэрджэс» - «Нарт», «ЛогоВАЗ» - «Тэрч», «Малка» - «Инал», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Родник», «Къундетей» - «Урыху» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Энергетик»	25	21	2	2	109-27	65
2. «Тэрч»	25	17	3	5	59-25	54
3. «Спартак-Д»	24	15	3	6	84-33	48
4. «ХьэтIохъущыкъуей»	24	14	5	5	63-48	47
5. «Родник»	22	14	4	4	74-35	46
6. «Налшык»	23	14	2	7	61-32	44
7. «Бахъсэн»	25	12	4	9	58-49	40
8. «Малка»	24	11	5	8	75-64	38
9. «Нарт»	24	8	3	13	47-66	27
10. «Урыху»	25	8	2	15	55-84	26
11. «Ислъэмей»	24	6	4	14	42-63	22
12. «Шэрджэс»	25	6	3	16	59-92	21
13. «ЛогоВАЗ»	25	5	6	14	49-83	21
14. «Шэджэм-2»	24	6	2	16	37-68	20
15. «Къундетей»	25	5	4	16	40-80	19
16. «Инал»	24	4	4	16	45-108	16

● Гъэзджэ

Театреплъхэр ягъэгуфIэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым япэу щагъэлъэгъуащ «Снежная королева» спектаклыр.

- Спектаклыр игъэувыну къедгъэблэгъащ Москва пщIэшхуэ щызиIэ режиссёр Доронин Александр, - жеIэ театрым и унафэщI Николаевэ ФатIимэ. - Ар япэу къыдэлажьэну къыткуихуами, лъэныкъуитIри хуабжьу дыззхуэарэзыщ. Театрым и артистхэм и мызакъуэу, гуапэ тщыхъуащ Александр дэтхэнэ зыми бгъэдэлъэ зэфIэкIыр къыззрилъытар. Режиссёрым зэрыжиIэмкIэ, зыхигъэувывыжа къалэнхэр къехъуIащ.

- Мы зэман мытынышм спектаклыр дгъэуващ. КъищынэмыщIауэ, премьерэр пIалъэ кIэщым къриубыдэу къыззрытпэщылъым, дауи, ди лэжьыгъэр нэхъри къыттригъэхьэлъащ. Ауэ дэтхэнэри ди пщэрылъхэм дехьуIащ, - къыпищащ Дорониным.

Спектаклым щыджэгуащ театрым и артист пажэхэр. Роль нэхъыщхьэр лъагъэсащ Терёхинэ Еленэ. Къущхьэ ФатIимэрэ Къанкъул Ислъамрэ Кайрэ Гердэрэ я ролхэр ягъэззщIащ. Апхуэдэу лэжьыгъэм хэтащ Уэркъ Замир, Мысостышхуэ Аслъэнбэч, Къардэн Радик, Толстовэ Екатеринэ, Поповэ Екатеринэ, Малиновская Марие сымэ, нэгъуэщIхэри. Лэжьыгъэр театрым и артистхэм я зэхуэдэ екъуIэныгъэщ.

«Роспотребнадзор»-м къигъэува хабзэхэм тету, спектаклым цIыху 50-м нэблагъэщ ирагъэблэгъар. Залым щыIыхьэнымэ ипэ къыхуэу абыхэм я Iэхэр ирагъэтхьэщIащ, я температурэр къаупащащ икIи зэпэIэщIэу ягъэтIысащ. Лэжьыгъэм и премьерэм еплъыну гукъыдэж зиIэхэр а бжыгъэм зэрыщIигъур гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэхэм жраIащ къыкIэлъыкIуэну гъэлъэгъуэныгъэхэм зыкъраГъэхъелIэну. Аэхэр щекIуэкIынур зэкIэ яубзыхуахьам.

ТЕКIУЖЬ Заррэ.

● Литва

Нэхъ къулей мэхъу

Уэ зэрыцIалэр къызэрежьэрэ, къэралхэр егъэтхьэусыхэ я цIыхухэр къулейсыз зэрыхъум. Литвам и Iуэхур нэгъуэщIщ. Хъыбархэм къыхощ банкхэм щахъумэр евро мелард 1,4-кIэ нэхъыбэ хъуауэ икIи мы республикэм и тхыдэм апхуэдэ зэи къыщымыхъауэ. Литвам и Центробанкым къызэригъэлъагъуэмкIэ, гъатхэм къыщыщIэдзауэ хуэдищкIэ хэхъуащ 2017-2019 гъэхэм банкхэм халъхьар.

Европэм и къэралхэм я нэхъыбэм я хэхъуэр щехуэхьи, Литвам и цIыхухэр нэхъ къулей щIэхъум и щхьэусыгъуэр сыт?

Экспертхэм зэрыжаIэмкIэ, литовцхэм я лъэпкъ щэнщ ахъшэр зэрагъэзэхуэныр. Коронавирусыр къызэрежьэу, унэм щалIыгъ ахъшэр банкхэм яхьащ, ягу къызэрыридзэу хэмыIэбэфын хуэдэу. ЕтIуанэрауэ, зыплъыхьакIуэ екъэ зэрымыхъужьым, ахъшэфI зыщIат концертхэр, спорт зэхьэхэр зэрырамыгъэкIуэкIым я мылъкур егъэбагъуэ. Иджыри щыIэщ зы щхьэусыгъуэ: 2020 гъэм проценти 7 хэхъуащ лэжьакIуэхэм я улахуэм. КъинэмыщIауэ, къэралым цIыхухэм ахъшэ ярет я Iуэхущ Iэмэкъуэщ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ**.

● Дагъыстэн

Сильди щыщ зэадэзэкъуэ

Республикэм и Цумадин районым хыхьэ Сильди къуажэм «Центр спортивной подготовки по единоборствам» зыфIаща Iуэхущ Iапl3 иныр щауэхьэзыр. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ ирагъэжьащ мы лэжьыгъэшхуэр.

ЖЭРДЭМЫР зейр Нурмагомедов Хьэбибщ, и адэ Абдулманап и фэеплъу спорт Iуэхущ Iапl3 къызэIуихыну зэрыхуейр щIалэщIэм Президентым жриIауэ щытащ.

Метр мини 2-м нэс си лъагагъ бгыщхэм тес къуажэм щаухуэну центрым бэнакIуэкIэ зыхуеину псори хэтынущ, хьэщIэщ, щIыпIэм къыщыщIэж псы хущхьуэхэр къыщагъэсбэп зыгъэпсэхупIэ, сабий лагерь жыпIэми.

Мы Iуэхущ Iапl3-гъэсапIэр спортым зегъэужьыным теухуауэ ди къэралым къыщащта программэм хагъэхьащ. Абы гупыж зыщIхэм я мылъку халъхьэну хуит ящыну къыщIэкIынущ, ауэ зэкIэ унафэ щIэкъым.

Центрыр джабэ нэкIым кIэращIыхьынущ, щIы захуэ абдеж зэрыщымыIэм къыхэкIыну. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ, кIыхьлIыхь ищIынри хэлъщ. Къапштэмэ, уэуакIуэхэм къапэщылъщ центрым хуэкIуэ гъузгу ящIыну, километри 2,5-рэ электроклапсэу яукъуэдиину, километр 1,5-кIэ псы пхрашыну, мэзым щыщу ябж щIы гектаритIыр абы къыхагъэхIыу Iуэхущ Iапl3м хуит къыхуащIыну. Иужьрейм и унафэр зыщIынур УФ-м и Правительствэращ.

Республикэми районми я унафэщIхэр попльэ Iуэхур щежьэнри. Абыхэм щэч къыщрахьэрэхьэм Сильди къуажэр щIыху кIуапIэ зэрыхъунум, а жьылэм дунейм щыщIэрыIуэ куэд зэрыщыззблэкIынум. ЦIыхур щыкуэдым гъащIи лэжьыгъи щыIэщ: Iуэхущ Iапl3-хэр нэхъыбэ хъунущ, налогыу кIыхьэкIми къыщIигъунущ.

Яухуэным сом мелуан 450-рэ текIуэдэну къажащ. Абы и процент 95-р федеральнэ мылъкущ, адрейр щIынальэмэ, Хьэбибэ нэгъабэ дыгъэгъазэ маздэм Мэхьэчкъалэ къыщыззIуихащ и адэм и цIэр зезыхьэ спорт Iуэхущ Iапl3. Ар цIыху 200-м зыщагъэсэным тещIыхьащ, зэрауэрри зэадзэзэкъуэм я мылъкущ. Хьэбиб и мурадщ мыр еджапIэ-интернат ищIыну, сабийхэм зыщагъэсэным, щыпсэуным сыткIи хуэгъэпсауэ.

● Щэджэм



Ныбжьыщ Iэхэм я урысейпсо зэпеуэм

● Мас-рестлинг

Владикавказ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм мас-рестлингымкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр абы щахъумащ цIыхуитхум.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щIыналъэ пщыкIухым икIа спортсмени 100-м нэблагъэ щызэхуэсат Осетие Ищхъэрэ-Аланием и къалащхьэм. Абыхэм къахэжаныкIащ ди республикэм икIахэри, япэ дыдэу къэралпсо утыку ихьауэ арами.

Зэхьэзэхуэм дыжьын медалыр щызыIэригъэхьащ килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъэхэм яхэта ди лъахэгъу Схвитаридзэ Тамерлан. Абы Налшыки Мэзкууи и щIыхьыр ихъумащ. Ещанэ увыпIэр яубыдащ Нэчо Рэмэзанрэ (кг 90) Кушчетеров Юрэрэ (кг 105-м щIигъу). Ди жагъуэ зэрыхъущи, домбекъ медалхэм папщIэ щызэпеуэм я хьэрхуэрэгъуэкэр кефIэкIащ Iэбдыз Нодаррэ Дзэгъэл Астемыррэ.

Щалалхэр ягъасэ КIасэ Азэмэт, Хъэшэж Iэдэм, Гъубж Бетlал сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.



Кэнжэмрэ Къармэхьэблэмрэ хэт нэхъ лъэщыр?

Ар щэбэт дызыхуэкIуэм зэхэкIынущ. КЪБР-м ФутболымкIэ и федерацэм и Кубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкI зэпеуэм и кIэух Iыхьэр 2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м зэхэтынущ.

Республикэм и «Спартак» стадион нэхъыщхьэм щызэдэджэгунущ «Кэнжэ» (Кэнжэ), «Рассвет» (Къармэхьэблэ) командэхэр. Джэгун щIадзэнущ сыхьэт 13-м.

Удэзыхьэхыу зэрыщытынум шэч къытедмыхьэ зэпеуэм ялIыным хуей псори фрагъэблагъэ.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маринэ**, **Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: **политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl3хэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэшыпыгъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэзэкIахIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78**

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щхьэщэмыщ Иэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.000 ● Заказ №2503

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А